

# SEKIRITE AN PREMYE

## SOU RAY TREN SOUTH COAST



**N AP ANONSE TREN ANNESÈ K AP FÈ ALE VINI ANT MIDDLEBOROUGH E FALL RIVER E NEW BEDFORD**

Depi nan mitan ivè jouk nan kòmansman prentan 2024, tren annesè ap kòmans sikile sou ray kote sid ki rele South Coast Rail Right-of-Way (ROW). Pou premye fwa depi plizyè deseni, MBTA pral teste e mete an sèvis tren ki ale vini ant Middleborough, East Taunton, Freetown, Fall River e New Bedford. Tren annesè ap sikile sou koridò a avèk yon vitès maksimòm 80 mph, vitès sa a pi vit pase tren machandiz anvan yo ki te gen yon vitès 25 mph.

Alòske n ap rive nan etap sa a, nou ta renmen raple tout moun nan zòn lan, kèlkeswa si yo viv, travay, pase nan machin oubyen travèse ray tren, pou yo fè atansyon tren a tout boulin yo k ap vin yon bagay òdinè nan rejyon an. Li enpòtan pou n pa bliye se sèl tren gen priyorite pase anvan. **Pa sèlman li kont lalwa men tou li yon gwo danje pou mache sou ray tren.**



**NAN ETAZINI DAMERIK, SE CHAK 3 ÈDTAN GEN TREN KI FWAPE SWA YON MOUN OSWA YON MACHIN.**




Pou enfòmasyon siplemantè sou sekirite w, pou mande pou yon prezantasyon, oubyen wè yon videyo sou sekirite, monte nan : [www.mbta.com/southcoastrail](http://www.mbta.com/southcoastrail)



Tanpri, revwa e pa bliye règ sekirite sa yo :

- 1 Sèl kote sekirize pou travèse ray tren se **SÈLMAN** nan pasaj ki pou moun apye oubyen ki pou machin; se pou obeyi pankat avètisman e siy ki afiche la.
- 2 Tren pi silansye e pi rapid pase sa w kwè! E an mwayèn, tren ki gen yon vitès 55 mph pran yon milyaj oubyen plis pou yo kanpe.
- 3 Itilizasyon ray ROW pou fè lachas, lapèch, kondi motolanèj oubyen ATV, oubyen pou tout lòt rezon rekreatif ilegal e yon danje nan dènye degre.

**Alòske tren MBTA kòmans sikile nan rejyon an, n ap mete sekirite an premye. Mete avè n nan pratik sekirite nan kominote ou a.**



**ZON POU TÈS**



**Massachusetts Bay Transportation Authority**